



Prezidan Thomas S. Monson

# Lanmou—Esans levanjil la

*Nou pa ka vrèman renmen Bondye si nou pa renmen konpayon vwayajè nou yo nan vwayaj sa a nan mòtalite a.*

**C**hè frè m ak sè m yo, lè Sovè a t ap sèvi pami lèzòm nan, doktè lalwa a ki t ap chèche konnen an te poze l kesyon sa a: “Mèt, kiyès ki pi gwo kòmandaman an nan tout lalwa a?”

Matye ekri sa Jezi te reponn ni: “Se pou ou renmen Senyè a, Bondye ou, avèk tout kè ou, ak tout nanm ou, ak tou lide ou.

“Se kòmandman sa a ki pi gwo.

“Men dezyèm nan ki gen menm enpòtans avèk li, Se pou ou renmen frè parèy ou tankou ou renmen pwòp tèt pa ou.”<sup>1</sup>

Mak fini resi a avèk deklarasyon Sovè a: “Pa gen okenn lòt kòmandman ki pi gran pase sa yo.”<sup>2</sup>

Nou pa ka vrèman renmen Bondye si nou pa renmen konpayon vwayajè yo k ap vwayaje avèk nou nan mòtalite sa a. Menmjan tou, nou pa ka totalman renmen pwochen nou si nou pa renmen Bondye, Papa nou tout la. Apot Jan di nou: “Se sa k fè, men kòmandman Kris la ba nou: moun ki renmen Bondye, yo fèt pou renmen frè yo tou.”<sup>3</sup> Nou tout se pitit espri

Papa nou ki nan Syèl la, epi, antanke sa, nou se frè ak sè. Si nou kenbe verite sa a nan lespri nou, renmen tout pitit Bondye ap vin pi fasil pou nou.

An reyalite, lanmou se vrè esans levanjil la, epi Jezikri se Egzanp nou. Lavi li sete yon don lanmou. Li te geri moun malad, relve moun oprime, li te sove pechè a. Alafen, foul moun ankòlè a te pran lavi li. Men soti sou mòn Gòlgota a, nou ka tandè pawòl sa yo: “Papa, padone yo; paske yo pa konn sa y ap fè”<sup>4</sup>—yon ekspresyon siprèm sou konpasyon ak lanmou nan mòtalite a.

Gen anpil kalite ki se ekspresyon lanmou, tankou jantiyès, pasyans, jennowozite, konpreyansyon, ak padon. Nan tout rapò nou avèk lòt moun, kalite sa yo ak lòt tankou yo ap ede lòt moun wè amou ki nan kè nou an.

Abityèlman, nou demontre lanmou nou nan relasyon nou genyen chak jou youn ak lòt. Sa k pi enpòtan an se kapasite nou pou rekonèt bezwen yon moun epi reponn apresa. M toujou cheri santiman yo ekspri nan ti powèm sa a:

*Lannuit mwen kriye  
Paske m te si bòne  
Mwen pa t wè bezwen yon lòt  
moun.  
Men m poko janm  
Santi menm yon ti regrè  
Dèske m te twò janti.*<sup>5</sup>

Dènyèman yo te rakonte m yon egzanp touchan sou bonte—yon egzanp ki te pote rezilta moun pa t atann. Sete nan ane 1933, kote, akòz Gwo Depresyon an, opòtinite travay te ra anpil. Istwa a te dewoule nan Lès Etazini. Arlene Biesecker te fèk fini etid li nan lekòl segondè. Apre anpil tan ap chèche travay, li te finalman reyisi jwenn yon travay kòm koutiryè nan yon faktori twal. Yo te peye travayè yo sèlman pou chak pyès kòrèkteman fini yo te koud chak jou. Plis pyès yo te pwodui, se plis yo te touche.

Yon jou, yon ti bout tan apre l te kòmanse travay nan faktori a, Arlene te fè fas ak yon teknik ki te pètibe li ak kontrarye li. Li te chita devan machin nan ap eseye defèt yon tantativ li te fè pou l te fini pyès li t ap travay la sou li a. Sanble pa t gen okenn moun pou te ede li, paske tout lòt koutiryè yo t ap prese fini otan pyès yo te kapab. Arlene te santi l sanzespwa ak dekouraje. An silans, li te kòmanse kriye.

Te gen Bernice Rock ki te chita anfas Arlene nan. Li te pi aje epi l te gen plis eksperyans kòm koutiryè. Lè l te wè detès Arlene, Bernice te kite pwòp travay pa l la e l t al bò kote Arlene, li te jantiman konseye l sa pou l te fè e l te ede li. Li te rete jiskaske Arlene te santi l gen plis konfyans e

l te kapab reyisi fini pyès la. Apresa Bernie te retounen al chita sou machin pa l la, e li te rate okazyon pou l te fini otan travay li te kapab la, si l pa t al ede yon moun.

Aprè zak jantiyès sa a, Bernice ak Arlene te vin bon zanmi pandan tout lavi yo. Yo chak te fini pa marye e yo te fè pitit. Yon lè nan ane 1950 yo, Bernice, ki sete yon manm legliz la, te bay Arlene ak fanmi li yon Liv Mòmou. An 1960, Arlene ak mari li ak pitit li te vin batize antre nan Legliz la. Nan apre, yo te sele nan tanp.

Kòm rezilta konpasyon Bernice te montre lè l te kite travay li pou l t al ede yon moun li pa t menm konnen men ki te andetrès e te bezwen asistans lan, anpil moun, ni vivan ni sa k mouri, benefisyè òdonans levanjil yo kounyeya.

Chak jou nan lavi nou, nou gen okazyon pou nou montre lanmou ak jantiyès pou moun bò kote nou. Prezidan Spencer W. Kimball te di: “Nou dwe sonje ke moun sa yo nou rankontre nan pakinn yo, nan asansè yo, ak tout lòt kote yo se pòsyon limanite sa a Bondye ba nou pou nou renmen ak sèvi a. Sa pap pote okenn pwofi pou nou si nou pale de fratènite inivèsèl nan limanite epi nou pa kapab konsidere moun bò kote nou kòm frè nou ak sè nou.”<sup>6</sup>

Souvan, opòtinite pou montre lanmou nou yo vini sanzatann. Yon egzanp sou yon opòtinite konsa te parèt nan yon atik jounal an Oktòb 1981. M te tèlman enpresyone pa lanmou ak konpasyon yo te deklare lan lan ke m te konsève atik la nan dosye m pandan 30 ane.

Atik la di yo te devire yon avyon ki t ap fè yon vòl dirèk soti Anchorage, nan Alaska, pou ale Seattle, nan Washington—yon vòl ki t ap transpòte 150 pasaje—pou te fè l ale nan yon ti lokalite elwaye nan Alaska, pou l t al chèche yon tigason ki te blese grav. Tigason ki te gen dezan an te gen yon venn koupe nan bra li lè l te tonbe sou yon moso vè pandan l t ap jwe bò lakay li. Vil la te sitiye a 725 kilomèt nan Sid

Anchorage e li pa t sou wout avyon an ditou. Men, doktè yo ki te prezan yo te voye mande yon èd an ijans, epi konsa, yo te devire avyon an pou l t al pran timoun nan pou te mennen l Seattle pou l te ka jwenn swen nan yon lopital.

Lè avyon an te ateri toupre vil elwaye a, doktè yo te enfòmè pilòt la ke tigason an te sitèlman ap senyen ke yo pa t panse l te ka siviv vòl pou al Seattle la. Yo te pran desizyon pou fè avyon an fè yon lòt detou 320 kilomèt pou l t al Juneau, nan Alaska, vil ki te gen lopital pi pre a.

Aprè yo te fin transpòte tigason an Juneau, vòl la te dirije al Seattle, avèk anpil èdtan reta. Okenn pasaje pa t plenyen, malgre pifò nan yo te rate randevou yo ak vòl koneksyon yo. Anfèt, pandan pilòt minit ak èdtan yo t ap pase a, yo te fè lakòlèk e yo te ranmase yon bon ti kòb pou tigason an ak fanmi li.

Lè avyon an te prèske ateri Seattle, pasaje yo te aplodi lè pilòt la te anonse l te aprann pa radyo ke tigason an t ap oke.<sup>7</sup>

Pawòl ekriti sa yo te vini nan lespri mwen: “Charite se lanmou pi Kris la, . . . e nenpòt moun ki genyen l nan dènye jou a, l ap bon pou li.”<sup>8</sup>

Frè m ak sè m yo, kèk nan pi bèl okazyon pou demontre lanmou nou yo ap prezante andedan lakay nou. Lanmou dwe andedan kè lavi famiyal nou, men poutan, pafwa li pa la. Gen dwa gen twòp enpasyans, twòp chirepit, twòp goumen, twòp dlo nan je. Prezidan Gordon B. Hinckley te di: “Poukisa se moun nou pi renmen yo nou souvan ap di pawòl rès? Poukisa [nou] pafwa di pawòl ki tankou kouto ki ka blese moun?”<sup>9</sup> Repons pou kesyon sa yo gen dwa diferan pou nou chak, men sa pou nou kenbe sèke rezon yo san enpòtans. Si nou vle respekte kòmandman pou youn renmen lòt la, nou youn dwe trete lòt avèk jantiyès ak respè.

Natirèlman ap gen okazyon kote nou oblije mete disiplin. Men an nou sonje konsèy ki nan Doktrin ak Alyans lan—ki di, lè nou oblije

reprimande yon moun, nou dwe montre yon pi gwo lanmou apresa.<sup>10</sup>

Mwen espere n ap fè efò pou n toujou gen respè ak konsiderasyon pou panse ak santiman ak sitiasyon moun ki bò kote nou. Annou pa rabese moun ni imilye moun. Olyesa, annou konpatisan ak ankourajan. Nou dwe veye pou nou pa detwi konfyans yon lòt moun atravè pawòl n ap di ak aksyon n ap fè san reflechi.

Padon dwe mache men nan lamèn avèk lanmou. Nan fanmi nou, osibyen avèk zanmi nou, ka gen santiman blese ak dezakò. M ap repete, rezon k fè pwoblèm nan egziste a pa enpòtan. Nou pa dwe kite bagay yo deraye, pouri, e finalman detwi. Aki zasyon se bagay ki kenbe blezi louvri. Se sèlman padon ki geri.

Yon bèl madanm ki mouri kounyeya te vin vizite m yon jou e, sanzatan, li te rakonte m kèk nan regrè li te genyen. Li te pale m de yon ensidan ki te pase depi dèzane ki te enplike yon fèmme ki te vwazen li, ki otrefwa te yon bon zanmi li menm ak mari li men yo te tonbe nan dezakò plizyè fwa. Yon jou, fèmme a te mande si l te ka pran yon rakousi sou tè yo a pou l te ka ale sou tè pa l la. Lè l te rive nan pwen sa a, madanm nan te sispann pale, epi avèk tranbleman nan vwa li, li te di “Frè Monson, mwen pa t kite l pase sou tè nou an jou sa a ni nan apre men, m te kite l oblije fè tout tou a apye, pou l t ale sou tè pa l la. M te antò, e mwen regrèt sa. Kounyeya li mouri, men o, ala m ta renmen di li ‘mwen sitèlman dezole.’ Ala m ta renmen gen yon dezyèm chans pou m te ka janti.”

Pandan m t ap koute l la, pawòl John Greenleaf Whittier te ekri yo te vin nan lespri mwen: “Nan tout mo tris ki pwononse oubyen ekri, men mo ki pi dezolan yo, se sa yo: ‘*Si m te konnen!*’”<sup>11</sup> Frè m ak sè m yo, si nou trete lòt moun avèk amou ak konsiderasyon, n ap evite kalite regrè sa yo.

Lanmou eksprime nan plizyè fason rekonesab: yon souri, yon alo, yon pawòl janti, yon konpliman. Gen lòt

ekspresyon ki ka pi sibtil, tankou montre w enterese nan aktivite yon lòt moun, anseye yon prensip avèk jantiyès ak pasyans, vizite yon moun ki malad oubyen ki oblije rete kouche. Pawòl ak aksyon sa yo, ak anpil lòt tou, kapab kominike lanmou.

Dale Carnegie, yon otè e konferansye Ameriken renome, te kwè chak moun gen nan limenm “pouvwa pou ogmante sòm total bonè nan mond lan . . . nan di yon moun ki sèl oswa dekouraje kèk ti mo apresyasyon sensè.” Li te di: “Petèt demen w ap bliye pawòl janti ou te pwononse jodia yo, men moun ou te di yo a ap cheri yo pou tout lavi.”<sup>12</sup>

Se pou kounyeya, jodia menm, nou kòmanse eksprime lanmou nou

pou tout pitit Bondye yo, keseswa manm fanmi nou, zanmi nou, senp relasyon, oubyen total etranje. Lè nou leve chak maten, annou pran desizyon pou nou reyaji avèk amou ak jantiyès nan tout sitiyasyon ki ka prezante devan nou.

Odela konpreyansyon, frè m ak sè m yo, gen lanmou Bondye pou nou. Akoz lanmou sa a, li te voye Pitit Gason l lan, ki te renmen nou ase pou l te bay lavi li pou nou, pou nou kapab gen lavi etènèl. Lè nou vin konprann don enkonparab sa a, kè nou va ranpli avèk amou pou Papa Etènèl nou an, pou Sovè nou an, ak pou tout limanite. Pou sa ka fèt, mwen priye sensèman, nan non sakre Jezikri, amèn.

#### NÒT

1. Matye 22:36–39.
2. Mak 12:31.
3. 1 Jan 4:21.
4. Lik 23:34.
5. Author unknown, in Richard L. Evans, “The Quality of Kindness,” *Improvement Era*, Me 1960, 340.
6. *The Teachings of Spencer W. Kimball*, ed. Edward L. Kimball (1982), 483.
7. Gade “Injured Boy Flown to Safety,” *Daily Sitka Sentinel* (Alaska), Okt. 22, 1981.
8. Mowoni 7:47.
9. Gordon B. Hinckley, “Let Love Be the Lodestar of Your Life,” *Ensign*, Me 1989, 67.
10. Gade Doktrin ak Alyans 121:43.
11. “Maud Muller,” nan *The Complete Poetical Works of John Greenleaf Whittier* (1878), 206; italik ajoute.
12. Dale Carnegie, nan, pa egzanp, Larry Chang, *Wisdom for the Soul* (2006), 54.

## Ansèyman pou epòk pa nou an

Soti mwa Me 2014 rive Oktòb 2014, leson klas Prèttriz Mèlkisedèk ak Sosyete Sekou yo nan katriyèm Dimanch yo dwe soti nan youn oubyen plis diskou yo te bay nan konferans jeneral Avril 2014 la. An Oktòb 2014, leson yo dwe fèt apati diskou konferans jeneral Avril 2014 yo oubyen Oktòb 2014 yo. Prezidan pye yo ak prezidan distri yo dwe chwazi ki diskou yo pral itilize nan zòn yo, oubyen yo gen dwa bay evèk yo ak prezidan branch yo responsablite sa a.

Diskou yo disponib nan plizyè lang nan [conference.lds.org](http://conference.lds.org).



**Prezidan Henry B. Eyring**  
Premye Konseye nan Premye Prezidans lan

# Yon eritaj lespwa inestimab

*Lè nou chwazi pou nou fè ak kenbe alyans avèk Bondye, nou chwazi pou n kite yon eritaj lespwa pou moun ki ka suiv egzanp nou yo.*

C hèn frè m ak sè m yo, gen kèk nan nou se misyonè Legliz Jezikri pou Sen Dènye Jou yo ki te envite nou nan reyinyon sa a. Misyonè sa yo dwe petèt deja envite nou pou nou chwazi pou n fè alyans avèk Bondye nan batèm.

Gen lòt nan nou k ap koute la a paske nou te aksepte envitasyon yon paran, yon madanm, ou petèt yon pitit, ki te envite nou nan espwa ke n apral chwazi pou nou remete alyans nou te fè deja avèk Bondye yo nan lavi nou ankò. Gen nan nou k ap koute la a ki deja fè chwa pou retounen vin jwenn Sovè a e jodia n ap santi lajwa akèy li.

Kèlkeswa kiyès ou ye e kèlkeswa kote ou ye, ou kenbe nan men w bonè plis moun pase w ta ka imagine kounyeya. Chak jou e chak èdtan, ou ka chwazi pou fè oswa kenbe yon alyans avèk Bondye.

Kèlkeswa kote ou ta ye sou chemen pou eritye kado lavi etènèl la, ou gen posiblite pou montre anpil

moun chemen ki mennen nan yon pi gwo bonè a. Lè nou chwazi pou n fè oubyen kenbe yon alyans avèk Bondye, nou chwazi pou n kite yon eritaj lespwa pou moun ki ka vin suiv egzanp nou yo.

Ou menm avèk mwen gen benediksyon pou n jwenn pwomès yon eritaj konsa. Tout bonè m gen nan lavi mwen, se yon mesye m pa t janm rankontre nan lavi mòtèl la mwen dwe sa. Li sete yon òfelen ki te vin youn nan gran gran paran mwen. Li te kite yon eritaj lespwa inestimab pou mwen. Kite m rakonte nou kèk nan pati l te jwe nan kreye eritaj sa a pou mwen an.

Li te rele Heinrich Eyring. Li te fèt nan yon fanmi rich. Papa li, Edward, te posede yon gwo pwopriyete nan Coburg, nan sa ki se Almay kounyeya. Manman l sete Vikontès Charlotte Von Blomberg. Papa l sete gadyen tè Wa Prusse la te posede yo.

Heinrich sete premye pitit gason Charlotte ak Edward. Charlotte te

mouri nan laj 31 an, apre nesans twazyèm pitit li. Edward te mouri tousuit apre, paske li te pèdi tout byen li ak richès li nan yon move investisman. Li te gen sèlman 40 tan. Li te kite twa pitit òfelen.

Heinrich, gran gran papa m, te pèdi toulède paran l yo ak yon gwo eritaj materyèl. Li te san resous. Li te ekri nan jounal li ke l te santi tout espwa li sete ale an Amerik. Malgre li pa t gen okenn fanmi ni zanmi nan kote sa a, lide pou ale an Amerik la te ba l yon santiman lespwa. Li te ale New York City toudabò. Nan apre, li te demenaje ale St. Louis, nan Missouri.

Nan St. Louis, youn nan kòlèg travay li yo sete yon Sen Dènye Jou. Nan men li, li te jwenn kopi yon bwochi ekri pa Èldè Parley P. Pratt. Li te li l epi apres li te editye tout sa l te ka jwenn sou Sen Dènye Jou yo. Li te priye pou konnen si reyèlman te gen zanj ki te parèt devan lèzòm, si te gen yon pwofèt vivan, e si l te jwenn yon vrè relijyon revele.

Aprè de mwa etid apwofondi ak priyè, Heinrich te fè yon rèv kote yo te di l pou l te batize. Yon mesye mwen onore memwa li ak prèttriz li anpil, Èldè William Brown, te akonpli òdonans la. Heinrich te batize nan yon basen dlo lapli jou 11 Mas 1855 la, 7:30 nan maten.

Mwen kwè Heinrich Eyring te konnen lè sa a ke sa m ap anseye nou yo jodia se verite. Li te konnen bonè lavi etènèl la vini atravè lyen famiyal ki kontinye pou tout tan. Byenke sa pa t fè lontan l te dekouvri plan bonè Senyè a, li te konnen lespwa li pou lajwa etènèl la te depann sou chwa lib lòt moun ta pral fè pou suiv egzanp li. Lespwa

bonè etènèl li te depann sou moun ki potko menm fèt.

Kòm pati eritaj lespwa li kite pou fanmi nou, li te kite yon istwa pou desandan l yo.

Nan istwa sa a mwen ka santi amou li te genyen pou moun ki t apral vin suiv li yo. Nan pawòl li yo, mwen santi espwa li pou desandan l yo ta chwazi pou suiv chemen ki mennen retounen nan fwaye selès nou an. Li te konnen sa pa t ap rezilta yon sèl gwo chwa pou yo te fè men anpil ti chwa piti. M ap site:

“Depi premye fwa m te tande Èldè Andrus pale a . . . mwen te toujou ale nan reyinyon Sen Dènnye Jou yo e sa te ra anpil pou m pa t al nan reyinyon yo, paske sete devwa m pou m te fè sa.

“Mwen mansyone sa nan jounal mwen pou pitit mwen yo ka imite egzanp mwen e pa janm neglije devwa enpòtan sa a pou reyini avèk Sen yo.”<sup>1</sup>

Heinrich te konnen nan reyinyon Sentsèn yo nou ka renouvle pwomès pou toujou sonje Sovè a pou nou ka gen Lespri li avèk nou an.

Sete Lespri sa a ki te soutni li nan misyon yo te aple l jis kèk mwa apre l te fin aksepte alyans batèm nan. Kòm eritaj, li kite egzanp fidelite konstan li nan misyon sizan l te fè nan sa ki te rele Teritwa Endyen yo lè sa a. Pou l t al pran relèv li apre misyon an, li te mache soti Oklahoma pou al Salt Lake City, yon distans ki apeprè 1.770 kilomèt.

Tousuit apres, pwofèt Bondye a te aple l pou l t al abite nan Sid Uta. Pandan l te la a, li te resevwa yon apèl pou sèvi yon misyon nan peyi natif natal li, Almay. Apres, li te aksepte envitasyon yon Apot Senyè Jezikri pou te ede edifye koloni Sen Dènnye Jou nan Nò Meksik. Pandan l te la yo te aple l pou l t al nan vil Meksiko kòm misyonè aplantan. Li te ranpli apèl sa yo onorableman. Li antere nan yon ti simityè nan Colonia Juarez, nan Chihuahua, nan Meksik.

M pale de bagay sa yo non pa pou m afime grandè pou li ni grandè sa l

te fè pou desandan l yo. Mwen pale yo pou rann ni omaj pou egzanp lafwa ak lespwa ki te ranpli kè l la.

Li te aksepte apèl sa yo akòz lafwa li ke Kris resisite a ak Papa nou ki nan Syèl la te parèt devan Joseph Smith nan yon boskè nan eta Nouyòk la. Li te aksepte yo akòz lafwa li nan lefèt ke kle prèttriz yo te retabli nan Legliz Senyè a avèk pouvwa pou sele fanmi yo pou tout tan, si sèlman yo gen ase lafwa pou kenbe alyans yo.

Tankou Heinrich Eyring, zansèt mwen an, ou gen dwa se premye moun nan fanmi ou pou louvri chemen ki mennen nan lavi etènèl la sou wout alyans sakre ou te fè ak kenbe avèk dilijans ak lafwa. Chak alyans mache avèk devwa ak pwomès. Pou nou tout, jan sa te ye pou Heinrich la, devwa sa yo pafwa senp e souvan difisil. Men sonje, devwa dwe toujou difisil paske objektif yo se pou fè nou avanse sou chemen an pou nou ka viv pou tout tan an avèk Pè Selès la ak Pitit Gason Byeneme l la, Jezikri, an fanmi.

Nan sonje pawòl sa yo nan liv Abraham nan:

“Epi te gen youn nan pami yo ki te tankou Bondye, epi l te di sa ki te avèk li yo: n ap desann, paske gen espas anba a, epi nou pral pran nan materyo sa yo, epi nou pral fè yon tè pou sila yo abite;

Senyè a di: “Epi nou pral pase yo anba eprè, pou nou wè si yo pral fè tout bagay Senyè Bondye yo a pral kòmande yo.”

“Epi sa ki ka kenbe premye eta yo a, m ap ajoute sou yo; epi sa ki pa kenbe premye eta yo a, yo p ap gen laglwa nan menm wayòm avèk sa ki kenbe premye eta yo a; epi sa ki kenbe dezyèm eta yo a, yo pral gen laglwa ki ajoute sou tè yo pou tout tan gen tan.”<sup>2</sup>

Kenbe dezyèm eta nou an depann sou alyans nou fè avèk Bondye ak fidèlman akonpli devwa yo mande nou yo. Sa mande lafwa nan Jezikri antanke Sovè nou pou n kenbe alyans sakre sa yo pandan tout lavi nou.

Akoz Chit Adan ak Èv la, nou gen tantasyon, eprè, ak lanmò kòm eritaj inivèsèl nou. Sepandan, Papa eman nou an ki nan Syèl la ba nou don Pitit Gason Byeneme l la, Jezikri, kòm Sovè nou. Gwo kado ak benediksyon Ekspyasyon Jezikri a pote yon eritaj inivèsèl: pwomès Rezirèksyon an ak posiblite lavi etènèl pou tout moun ki fèt.

Pi gwo nan tout benediksyon Bondye yo, lavi etènèl, n ap resevwa li sèlman si nou fè alyans yo ofri nan vrè Legliz Jezikri a pa sèvitè otorize l yo. Akòz Chit la, nou tout bezwen efè pirifikatè batèm nan ak enpozisyon de men pou nou resevwa don Sentespri a. Odonans sa yo dwe akonpli pa moun ki posede bonjan otorite prèttriz la. Apres, avèk èd Lespri Kris la ak Sentespri a, nou ka respekte tout alyans nou fè avèk Bondye yo, espesyalman sa ki fèt nan tanp yo. Se sèlman nan fason sa a, e avèk èd sa a, yon moun ka jwenn eritaj lejitim ni kòm yon pitit Bondye nan yon fanmi etènèl.

Pou kèk moun k ap koute m, sa ka sanble yon rèv prèske enposib.

Nou konn wè chagren kèk paran fidèl poutèt pitit ki rejte oubyen chwazi pou kraze alyans yo te fè avèk Bondye yo. Men paran sa yo ka pran kouraj e jwenn espwa nan eksperyans lòt paran.

Alma ak pitit gason Wa Mozya yo te repanti pou gwo rebelyon yo kont alyans ak kòmandman Bondye yo. Alma pi jèn nan te wè pitit gason li Koryanton repanti soti nan komèt gwo peche pou vin tounen sèvitè fidèl. Liv Mòmmon an pale sou mirak Lamanit yo tou ki te rejte tradisyon pou rayi fidelite a pou yo te vin fè alyans pou yo mouri pou ka prezève lapè.

Yo te voye yon zanj devan jèn Alma ak pitit gason Mozya yo. Zanj lan te vini akòz lafwa ak priyè papa yo ak pèp Bondye a. Nan egzanp sa yo sou jan pouvwa Ekspyasyon an travay nan kè lèzòm nan, nou ka jwenn kouraj ak rekonfò.

Senyè a ba nou tout sous lespwa lè n ap lite pou ede moun nou renmen

yo aksepte eritaj etènèl yo a. Li fè nou pwomès lè n ap kontinye eseye rasanble moun pou li, menm si yo reziste anba envitasyon li pou fè sa a. Rezistans yo atriste li, men li pa abandone, ni nou pa dwe abandone nonplis. Li ba nou egzanp pafè a avèk amou pèsistan li: “Epi ankò, konbyen fwa pou m ta rasanble nou menm jan yon manman poul rasanble ti poul li yo anba zèl li, wi, O, nou menm pèp kay Izrayèl la ki te tonbe a; wi, O nou menm pèp kay Izrayèl la, nou menm ki rete nan Jerizalèm tankou moun sa yo ki te tonbe a; wi, konbyen fwa pou m ta rasanble w menm jan yon manman poul rasanble ti poul li yo, epi nou pa vle.”<sup>3</sup>

Nou ka konte sou dezi enfayib sa a Sovè a genyen pou mennen tout pitit lespri Papa nou ki nan Syèl la retounen al lakay yo avèk li a. Chak paran, gran paran, ak gran gran paran fidèl pataje dezi sa a. Pè Selès la ak Sovè a se egzanp pafè sou sa nou ka fè ak sa nou dwe fè. Yo pa janm fòse nou fè chwa ki jis paske se nou menm ki dwe chwazi pou nou fè sa poukont nou. Yo fè nou ka disè sa ki dwat, epi yo kite nou pou nou wè ke fwi sa pote yo gou anpil.

Tout moun ki fèt nan mond lan resevwa Limyè Kris la, ki ede nou wè ak santi sa ki bon ak sa k pa bon. Bondye voye sèvitè nan mètalye a ki, pa pouvwa Sentespri a, kapab ede nou rekonèt sa li ta renmen nou fè ak sa li entèdi. Bondye rann ni atiran pou nou chwazi bon bagay paske li kite nou santi efè bon chwa nou yo. Si nou chwazi bon bagay, n ap jwenn bonè—alafen. Si nou chwazi move bagay, n ap jwenn chagren ak regrè—alafen. Rezilta sa yo sèten. Men yo souvan retade yo nan yon bi byen detèmine. Si benediksyon yo imedyat, chwazi bon bagay la pap bati lafwa. E paske chagren pafwa grandman retade, sa mande lafwa pou n santi

bezwen pou chèche padon pou peche a tousuit olye pou nou santi efè chagren ak doule l pote yo nan apre.

Pè Leyi te chagren pou chwa kèk nan pitit gason l yo ak fanmi yo te fè. Li sete yon trè bon moun fidèl—yon pwofèt Bondye. Li te souvan temwaye konsènan Sovè nou an, Jezikri, pou yo. Li sete yon egzanp obeisans ak sèvis lè Senyè a te mande li pou l te kite tout byen materyèl li te posede pou l te epaye fanmi l destriksyon. Jiskalafen lavi li, li te toujou ap temwaye bay pitit li yo. Menmjan ak Sovè a—e malgre pouvwa li pou te disène kè yo ak wè fiti tris ak mèveye k t ap tann yo—Leyi te kontinye ede fanmi li pou mennen yo jwenn sali.

Jodia, dè milyon desandan Pè Leyi ap jistifye espwa li te gen pou yo a.

Kisa ou menm avèk mwen ka fè pou nou tire leson nan egzanp Leyi a? Nou ka fè sa nan li ekriti yo nan espri lapriyè ak nan obsève yo.

Mwen sigjere pou nou panse alafwa sou tan kout la ak tan long lan lè n ap eseye kite yon eritaj lespwa pou fanmi nou. Nan tan kout la, ap gen pwoblèm epi Satan ap gwonde. Epi gen bagay pou nou tann pou ke avèk pasyans, nan lafwa, nou konnen Senyè ap aji nan pwòp tan pa li e selon pwòp fason pa li.

Gen bagay nou ka fè bonè, lè moun nou renmen yo ankò jèn. Sonje priyè familyal, etid ekriti an fanmi, ak pataje temwayaj nou nan reyinyon Sentsèn pi fasil ak pi efikas lè timoun yo jèn. Jèn timoun yo souvan pi sansib a Lespri a pase nou panse.

Lè yo pi gran, ya va sonje kantik yo te konn chante avèk nou yo. Menm plis pase mizik la, y ap sonje pawòl ekriti yo ak temwayaj yo. Sentespri a kapab fè yo sonje tout bagay sa yo, men pawòl ekriti yo ak kantik yo ap dire pi lontan nan yo. Souvni sa yo va tounen yon pouch ki ka mennen yo tounen lè yo ere pandan yon

tan, posibman pandan dèzane, lwen chemen ki mennen nan lavi etènèl la.

N ap bezwen tan long nan lè pitit nou yo santi enfluyans mond lan epi nyaj dout sanble ap anvayi lafwa yo. Nou gen lafwa, esperans, ak charite pou gide nou ak fòtifye yo.

Mwen te obsève sa pandan m te konseye de pwofèt vivan Bondye. Yo chak se moun avèk pèsonalite pa yo. Men, yo sanble yo pataje menm kalite optimis la. Lè yon moun panike osijè yon bagay nan Legliz la, repons yo souvan bay se “O, tout bagay ap oke.” Yo jeneralman konnen plis sou pwoblèm nan pase moun yo ki soulve l la.

Yo konn fason Senyè a aji tou, epi konsa yo toujou plen optimis osijè wayòm ni an. Yo konnen se Li menm ki alatèt li. Li toupousan e li sousye pou nou. Si nou kite l dirije fanmi nou, bagay yo ap mache byen.

Gen kèk nan desansan Heinrich Eyring yo ki pa suiv chemen l kite a. Men anpil nan gran gran pitit pitit li yo ale nan tanp Bondye yo a 6:00 nan maten pou fè òdonans pou zansèt yo pa janm rankontre. Yo ale akoz eritaj lespwa li te kite a. Li te kite yon eritaj anpil nan desandan l yo reklame.

Apre tout sa nou ka fè pa lafwa, Senyè a ap jistifye espwa nou pou pi gwo benediksyon pou fanmi nou pase nou ka imajine. Li vle sa k pi bon pou yo ak pou nou menm, antanke pitit li.

Nou tout se pitit yon Bondye vivan. Jezi Nazarèt se Pitit Gason Byeneme li ak Sovè resisite nou. Sa a se legliz li. Nan li gen kle prètiz yo, epi konsa fanmi yo kapab sele pou tout tan. Sa se eritaj lespwa trè presye nou. Mwen temwaye ke se vre, nan non Jezikri, amèn.

#### NÒT

1. Gade Henry Eyring reminiscences, 1896, typescript, Church History Library, 16–21.
2. Abraram 3:24–26.
3. 3 Nefi 10:5.